

Atik 1557: Asire Aksè ki Enpòtan pou Moun ki pa Pale angle twò Byen yo

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Affordable Care Act (Lwa sou Swen Abòdab) 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki resevwa pèman Medicaid; Health Insurance Marketplaces (Akò pou Asirans Sante) oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm.

Pwoteksyon pou Moun ki pa Pale angle twò Byen

- Konfòm ak prensip ki la depi lontan dapre lwa sou dwa sivil yo, règleman final la klarifye ke entèdiksyon sou diskriminasyon pa rapò ak peyi orijin nan egzije pou enstitisyon ki konsène yo adopte mezi ki rezonab pou bay aksè ki enpòtan a moun ki pa pale Anglè twò byen ki elijib pou yo sèvi oswa ki gen chans pou fè pati pwogram ak aktivite sante enstitisyon yo.
 - Yon moun ki pa pale anglè twò byen se yon moun lang prensipal pou l kominike pa anglè e ki gen yon kapasite ki limite pou li, ekri, pale oswa konprann lang anglè.
 - Mezi ki rezonab yo ka enli sèvis asistans lang tankou èd nan langaj oral oswa tradiksyon ekri.
 - Nòm ki fè pati règleman final yo fleksib epi yo antre nan kontèks la lè w pran an kont faktè tankou nati ak enpòtans pwogram sante ak komunikasyon nan sijè a ansanm ak lòt konsiderasyon tankou si yon enstitisyon te devlope epi aplike yon plan aksè pou lang efikas.
- Enstitisyon ki konsène yo dwe afiche yon avi sou dwa konsomatè ki bay enfòmasyon sou asistans pou komunikasyon pou moun ki pa pale anglè twò byen pami lòt enfòmasyon ki genyen yo.
- Nan chak eta, yo egzije enstitisyon ki konsène yo pou yo mete afich ki ekri nan 15 lang ke moun ki pa pale angle twò byen yo plis pale ki endike ke gen èd ki disponib pou lang sa nan eta sa.
- Yo entèdi enstitisyon ki konsène yo itilize move kalite sèvis entèpretasyon videyo oswa repoze yo sou pèsònèl tradiksyon ki pa kalifye, lè y ap bay sèvis asistans pou lang.
- Yo ankouraje enstitisyon ki konsène yo devlope epi mete ann aplikasyon yon plan aksè lang pou asire yo prepare pou pran mezi ki rezonab pou bay aksè ki enpòtan a chak moun ki ka bezwen èd.

OCR (Biwo Dwa Sivil la) te tradwi nan lang yon echantyon avi kont diskriminasyon ak slogan pou enstitisyon ki konsène yo itilize. Pou w jwenn materyèl ki tradwi yo, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557/translated-resources/index.html>.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557>.